**दिन–शनिवार** **दिनांक–30.03.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आइ राष्ट्रपति भवन मे आयोजित समारोह मे बिहारक दू बेर मुख्यमंत्री रहल कर्पूरी ठाकुर के मरणोपरान्त देशक सर्वोच्च नागरिक सम्मान भारत रत्न सँ सम्मानित कयलनि। ई पुरस्कार हुनक पुत्र आ राज्यसभा सांसद रामनाथ ठाकुर ग्रहण कयलनि। ओतहि, पूर्व प्रधानमंत्री पी.वी नरसिम्हाराव आ चौधरी चरण सिंह तथा कृषि वैज्ञानिक एम.एस स्वामीनाथन के सेहो मरणोपरान्त भारत रत्न सँ सम्मानित कयल गेलनि। अलंकरण समारोह मे हिनक परिवारजन पुरस्कार ग्रहण कयलनि। राष्ट्रपति काल्हि पूर्व उप प्रधानमंत्री आ भाजपाक वरिष्ठ नेता लाल कृष्ण आडवाणी के देशक शीर्ष नागरिक पुरस्कार भारत रत्न सँ सम्मानित करतीह। समारोह मे उप राष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह, भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष जे.पी. नड्डा, कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे आ बिहारक मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी विजय कुमार सिन्हा समेत आनो गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

---

लोकसभा चुनावक पहिल चरण लेल प्रदेशक चारि संसदीय सीट गया, नवादा, जमुई आ औरंगाबाद मे दाखिल भेल नामांकन पत्रक आइ जाँच कयल प्राप्त संवादक अनुसार जमुई सँ पाँच उम्मीदवारक जखनकि गया मे सात उम्मीदवारक पर्चा रद्द कऽ देल गेल। औरंगाबाद मे बारह नवादा मे नओ उम्मीदवारक पर्चा रद्द भेल अछि। एकर बाद गया संसदीय क्षेत्र सँ पन्द्रह प्रत्याशी जखनकि, जमुई संसदीय सीट सँ सात नवादा मे आठ आ औरंगाबाद मे नओ प्रत्याशी चुनाव मैदान मे रहि गेल छथि। एहि क्षेत्र मे नाम वापसीक अंतिम तारीख दू अप्रील अछि। पहिल चरणक एहि चारू संसदीय सीट लेल मतदान उन्नैस अप्रील के होयत।

---

किशनगंज संसदीय क्षेत्र सँ जदयू प्रत्याशी मुजाहिद आलम आइ अपन नामांकन पत्र दाखिल कयलनि। एहि अवसर पर प्रदेशक अल्पसंख्यक कल्याण मंत्री जमा खान आ राजस्व भूमि सुधार मंत्री दिलीप जायसवाल समेत एनडीएक कतेको वरिष्ठ नेता उपस्थित छलाह।

——————————————————————

भाकपा माले लोकसभा चुनाव लेल अपन उम्मीदवारक सूची जारी कऽ देलक अछि। पार्टी आरा लोकसभा सीट सँ सुदामा प्रसाद, काराकाट सँ राजाराम सिंह आ नालंदा सँ संदीप सौरभ के टिकट देलक अछि।

——————————————————————

चिराग पासवानक नेतृत्ववला लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास अपन कोटाक सभ पाँच सीट पर उम्मीदवारक घोषणा कऽ देलक अछि। पार्टी वैशाली संसदीय क्षेत्र सँ वीणा देवी, समस्तीपुर सँ श्रीमती शाम्भवी चौधरी, खगड़िया सँ राजेश वर्मा के उम्मीदवार बनौलक अछि। हाजीपुर संसदीय सीट सँ पार्टी प्रमुख चिराग पासवान स्वयं चुनाव लड़ताह। ओतहि, जमुई संसदीय क्षेत्र सँ अरूण भारती पार्टी उम्मीदवारक रूप मे नामांकन दाखिल कऽ चुकल छथि।

——————————————————————

राष्ट्रीय लोक जनशक्ति पार्टीक प्रमुख पशुपति कुमार पारस कहलनि अछि जे ओ एहि बेर लोकसभा चुनाव नहि लड़ताह। सोशल मीडियाक एक्स पर एक पोस्ट साझा कऽ श्री पारस कहलनि जे ओ एनडीएक संग छथि, मुदा एहि बेर चुनाव मे उम्मीदवारक रूप मे सक्रिय नहि रहताह। विदित अछि जे एनडीए मे सीट बंटवाराक अंतर्गत श्री पारसक पार्टी रालोजपा के एकहुँ सीट नहि भेटल अछि। एहि सँ पूर्व ओ हाजीपुर सँ चुनाव लड़बाक बात कऽ रहल छलाह।

——————————————————————

राज्यसभा सांसद आ राजद अध्यक्ष लालू प्रसादक पुत्री मीसा भारती आइ दू हजार उन्नैसक लोकसभा चुनाव मे भेल आचार संहिताक उल्लंघनक मामिला मे व्यवहार न्यायालय दानापुर मे पेश भेलीह। अदालत एहि मामिला मे हुनका जमानत दऽ देलक।

——————————————————————

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति कक्षा एक सँ पाँच धरिक नियोजित शिक्षक लोकनि लेल आयोजित सक्षमता परीक्षाक परिणाम जारी कऽ देलक अछि। कुल तिरानवे दशमलव तीन नओ प्रतिशत शिक्षक सफल भेल छथि। परीक्षार्थी शिक्षक बीएसईबी सक्षमता डॉट कॉम पर अपन परिणाम देखि सकैत छथि। बोर्डक अनुसार ई परिणाम पूर्णतः औपबंधिक अछि। सफल शिक्षक

के काउंसलिंग लेल शिक्षा विभाग द्वारा अलग सँ सूचना देल जायत। सक्षमता परीक्षा मे असफल शिक्षक के राज्यकर्मीक दर्जा पयबाक लेल चारि अवसर आओर भेटत।

——————————————————————

सहरसा जिला मे पुलिस बनमा इटहरी प्रखंडक रसलपुर पंचायतक मुखिया अशोक यादव आ वार्ड सदस्य जयराम यादव के कतेको अवैध हथियार आ कारतूसक संग गिरफ्तार कयलक अछि। ओतहि, मधुबनी जिलाक नगर थाना पुलिस दू शराब कारोबारी के गिरफ्तार कयलक अछि। जखनकि बेगूसराय मे बीतल चौबीस घंटा मे पुलिस द्वारा कयल गेल कार्रवाई मे तिरेपन व्यक्ति के हिरासत मे लेल गेल अछि।

——————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।